**Муниципальное бюджетное дошкольное образовательное учреждение**
**«ДЕТСКИЙ САД №2 «РОМАШКА» Г. УРУС-МАРТАН**
**УРУС-МАРТАНОВСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА»**

Тематическая беседа на родном языке
с воспитанниками старшей группы «Тигрята»,
приуроченная ко Дню поминания Кунта-Хаджи Кишиева,
на тему: «Киши во1 Кунта-Хьаьжа: боданехь серло хилла»

Киши во1 Кунта-Хьажа хьехош волчу денна лерина хьехам «Накхармозий» ц1е йолу лекхара тобанера берашца

Хьехамийн ц1е: «Киши во1 Кунта-Хьаьжа: боданехь серло хилла»

1алашонаш: Аллах1ана герга хиллачу безачу овлияах веза хила волу Киши во1 Кунта-Хьаьжийн дахар довзийтар, цо бусулба дин даржош лайна хало йийцар, цо бина хьехамаш д1акхачор берашна, бусулба дине болу безам ч1аг1бар, иза деза а, довза марздар берашна.

Хьехам д1аболор:

Веза Сийлахь волчу Аллах1а ша х1ара дуьне кхоьлличхьана х1окху лаьтта т1е моссийта эзар Пайхмар ваийтна, ткъа Сийлахь долчу Къур1ан чохь хьахийна 25 бен вацшен ц1ена долу Ислам дин довзийта аьлла. Оцу мел болу Пайхмарел, дуьнен 1аламел вазвина, шеца цхьа а вуо х1ума доцуш, массарел дукхавезарг аьлла хилла вайн Делан Элча Мухаммад (с.а.в.). Иза т1аьхххьарлера Пайхмар хилла. Цул т1аьхьа бусулба динан «дашо б1ешераш» аьлла хан д1айолаелира. Бусулба дин дуьйцуш, Къур1ан т1ера аяташ толлуш, нахана хьехамаш беш шейханаш, овлияаш, устазаш баххкийтна Аллах1а. Бусулба дин г1ел ца далийта, нахана бусулба дин дезар ч1аг1дар церан коьрта 1алашонаш хилла. Церан дахар деккъа бусулба дин хилла. Аллах1а овлияаш цкъа а г1айг1ане хир бац, уьш шен гергара нахана бу аьлла билгал баьхна. Нохчийчоь байлахь ца йитна Аллах1а цкъа а. Вайн махкахь къиза 1азапаш, т1емнаш, халонаш йолчу хенахь бахкийтна овлияаш, устазаш. Уьш хилла миска, г1ийла, дуьненан бахамах д1акъаьстина. Йеккъа цхьа 1алашо хилла – бусулба дин хаздар, марздар, хьехар, даржор. Вайн Нан-Нохчийчоь Кавказан т1амо х1аллакйечу, иза къизалло буьйна къоьвлинчу хенахь, де буьйсанех тардеш бода беанчу хенахь, боданехь серло хилла г1аьттира безачу овлияах веза овлияъ хилла волу Илсхан-юьртара Киши во1 Кунта-Хьаьжа шен кхайкхамашца а, хьехамашца а. Массо нахаца к1еда, мерза, масла1ате, машаре волуш, ша шен куьйгашца къахьеъна цо, Аллах1ана герга боьду некъ лоьхуш хилла иза. Аллах1а доккха 1илма делла Киши во1ана. Халкълахь лерам беш цуьнан ц1е иштта йоккху: Илсхан юьртара Хьаьжа Киши во1, Хеди во1, Мовсара ваша, Висхи ваша, Мати ваша, Хьапти ваша, Моци ваша, Эсет дада, Субар дада, Махьми дада, Мовли дада, Эвтара Хьаьжа, 1аламан устаз.

Хьаьжа даимна дуьхьал хилла стеган ц1ий 1еначу муьлхачу т1еман. «Т1емнаш ма бе!» - олуш хилла цо. Иштта цо хьехам беш олуш хилла: «Аллах1 веза лууш делахь нийсо йезалаш, хайна хилийта луург хьай вешийна лаалахь. Бахам гулбеш нах хьегабархларлолаш. Шуна г1оле ю шуна 1илма, хьекъал, нийсо, комаьршалла хилла нах хьегор. Халонех ма кхералаш, шен къинхьегамца вехаш воцург нехан хьацарца веха шуна, ткъа иза къилахь ду шуна х1ума лачкъор санна. Бепиг цуьрг бен дацахь цуьнан т1алам белаш, цо хьоза, зингат дузадо шуна. Ткъа дуьненан

бахам т1аьхьа ма довлалаш. Сов долу х1ума хьарам ду. Иза сихха д1адекъалаш. Д1ацаделларг дайна ду шуна, ткъа д1аделларг йуха дог1ур ду шуна Къематдийнахь. Массо Аллах1а кхоьллина чохь са долу х1ума ларйелаш: акхарой, дийнаташ. Хиш бех ма делаш. Воккханиг ларалаш – цунна шортта гина шуна. Мацделла керта даьлла хьайбана йетта ма йетталаш, наь1алт ма кхайкхаделаш. Цхьа шуна деш зиен дацахь и х1ума 1алашйар т1едуьллу ас шуна». Иштта хаза хьехамаш беш хилла Киши во1 Кунта-Хьаьжас.

И волчу заманчохь хьаг1 йолчу наха 1едална мотт а тоьхна набахте чу воьллира. Дукха мюридаш гулбеллера Шелахь шай устаз маьрша ваккха бохуш. Мух делахь церан дехарш т1аме дирзира. Цу т1амехь моссийтта мюрид кхалхар нисделира. Дукха хан йалале Кунта-Хьаьжа кхелхира Туркойн Махкахь Шемахь. Ма г1ийла ваьхна иза: кийра буззош йаах1ума ца йууш, беркъа бен йухуш воцуш, Аллах1 хьахорца г1оттуш, Аллах1 хьахорца вуьжуш. Кунта-Хьаьжа, Аллах1а хьан къайле тойойла, Аллах1а хьан къайле ц1анийойла!

Хьоме бераш, х1инца шуна хаза сьрташ гайта лаьа суна. Вайн махкахь шортта зийарташ ду Кишин а, цуьнан доьзалийн а. Уьш довзийта лаьа суна шуна. Цкъа дуьххьара вай хьовсур моццул хаза юрт ю вайн устаз ваьхна Илсхан-юрт. Оцу юьртахь вайн устаз садо1уш, ойланаш йеш, иза воьдуш цхьа меттиг хилла дитт уллохь. Иштта г1айракх-корта йу йиллина нахана гича йовзийта. Т1аккха Киши, Хеди, Кунта-Хьаьжи, Мати зийарташ довзийтар ду. Зийарте бог1у дуккху нах. Цара до1а до, Аллах1 хьехаво, устаз хьехаво. Зийарташ хилла ца 1аш, дуккху урамаш бу вайн устаз ц1е лелош. Соьлжа-г1алахь йолу бусулба дин 1амош йолу Исламски университет йу Киши во1 Кунта-Хьажийн ц1е лелош. Аллах1а къобал дойла цо мел динарг вайна. Суна ч1ог1а лаьа аша тахана бинчу хьехамех пайда эцийта. Аллах1а дукха даха дойла шу, бераш!